



## *Obsèvatwa Pou Egalite*

# 22 Bis , Ri Frè uni Uni Chapantye Okay/Ayiti

[obsevatwapouegaliteope@gmail.com](mailto:obsevatwapouegaliteope@gmail.com)

Tel : +509 36644809

YOU LOT TRETMAN FANM AK TI FIY POSIB.



Komin Aken

Vijilans kont tout move Tretman Fanm ak ti Fiy ab sibi, sitou nan moman Katastwòf.

Kisa leta ayisyen vouzèt viktim Tranbleman Tè 14 dawou 2021 yo ? Gade ! you lane 4 mwa pase, moun yo toujou nan soufrans.

Plenyen pa sifi, poze aksyon pou laviktwa.

# RAPO

## Obsèvatwa Pou Egalite

### (O P E)

Sou Sitiyasyon Fanm Ak Ti Fiy nan Sid/Ayiti ki viktim Tranbleman Tè gran Sid la 14 dawou 2021. N ap  
Analyze 1 lane ak 4 mwa depi sa pase a, kouman sa ye pou yo.

A) PREZANTASYON OBSÈVATWA POU EGALITE (O P E)



Obsèvatwa Pou Egalite (O P E), se òganizasyon k ap fè pwomosyon dwa moun, denonse tout fòm, vyolans ak enjistis k ap fwape moun yo. Li se yon òganizasyon nan bi non likratif.

Li poze pwoblematik sou respè ak defann dwa moun nan jeneral. Ak pi patikilye sou dwa fanm, timoun, LGBT.

O P E ap chache ekilib sosyal nan mitan sosyete a.

**Sid/Ayiti**

**B) ENSTRIMAN LEGAL ITILIZE;**

- Konstitisyon 1987 Ayisyen, nan atik 18, 19, nan chapit 2

- Konvansyon Entènasyonal sou eliminasyon tout fòm diskriminasyon sou Fanm ke nasyon zini adopte 18 desanm 1970. Ak ki antre an aplikasyon 3 septanm 1981.

**B) ENSTANS NOU RANKONTRE**

a) Viktim Fanm ak ti fiy twanbleman tè nan kan yo, ak sila yo ki deja deplase .

b) Pwofesè, elèv lekòl.

c) Jèn, pèsonaj nan kominote yo.

d) Majistra komininal.

e) Oganizasyon Popilè / Fanm (Doulè Fanm, KAPAS)

g) Direktris Kondisyon Feminin Branch Sid

h) Jounalis radyo ak medya anliy ( Kay enfo, Makaya, Lebon FM, RAE, RMG )

l) Elèv lekòl ( Pwofesè reyini, CEM )

Sid/Ayiti, depi lè gwo tranblema Tè 14 dawou 2021 te fin ravaje gran Sid la. Sa gen tan genyen you lane ak 4 mwa, Fanm ak Ti fiy ki te pami viktim yo pako ka soti nan kriz. Reyalite a montre se koz feblès leta, ONG yo. Nan ka sa kisa ki dwe fèt pou ede viktim sa yo jwenn lavi miyò prese prese?



## 2) ENTWODIKSYON:



### Komin Okay

Sid la, se 3 zyèm pwovens nan Ayiti, li gen anviwon 1 milyon moun. Li sitiye a anviwon 200 kilomèt de Pòtoprens kapital peyi a. Li antoure prèske nèt ak lanmè. Li konpoze plèn, plato ak montay. Li gen 20 komin, 5 awondisman. Komin Okay se premye vil Sid la. Konsa depatman sid la, li viktim anpil fwa lè dezaz natirèl yo rive, tankou : Tranbleman tè, siklòn. Answit, li viktim de move politik k ap fèt nan peyi a ki lakoz l ap anvlope chak jou pi plis ak ki fè pi fò pèp la ap soufwi. Epi, nan dènye tan yo la, li anfonse nan ensekirite total Kapital, se prèske chak semenn ou gen 2, 3 moun ap mouri swa anba bal oubyen akoz grangou, non aksè ak swen sante. Konsa, gen anpil soulèvman k ap fèt kont lafen.

Tranbleman tè, 14 dawou 2021, ki pase nan gran Sid/Ayiti, li te nan echèl 7,2 mayitid. Ak nan pwofondè 10 kilomèt nan Tè a. Sid/Ayiti, depi lè gwo tranblema Tè 14 dawou 2021 te fin ravaje gran Sid la. Sa gen tan genyen you lane ak 4 mwa, Fanm ak Ti fiy ki te pami viktim yo pako ka soti nan kriz. Reyalyte a

montre se koz feblès leta, ONG yo. Nan ka sa, kisa ki dwe fèt pou ede viktim sa yo jwenn lavi miyò prese prese?

## 2) DEVLOPMAN :

### A) Sitiyasyon Fanm ak ti Fiy viktim yo ki nan kan ak ki deplase deja.



Fòk genyen you bagay ki fèt pou chanje sitiyasyon Fanm ak ti Fiy nan Sid/Ayiti! Bagay yo pa ka rete konsa non.

Lavi Fanm ak ti Tiy pa te jan m fasil nan Sid/Ayiti. Sa te vin pi mal pou yo nan lè gwo katastwòf natirèl 14 dawou 2021 an te fin devaste gran Sid la. Pou listwa, n ap rafreji lizyè sou enpak tranblemantè sa te genyen sou kominote sid la. Sa ki te anrejistre kòm dega yo, gen : 2000 mò anviwon, 17447 blese, 80 mil fanmiy sinistre, 32301 kay kraze, 97232 kay fisire. Epi, plizyè milye bèt ak jaden disparèt. Kèk kilomèt wout andomaje ak 2 o 3 pon kraze. Katastwòf sa, bay nesans a nenpòt 200 kan osinon abwi pwovizwa. Enfòmasyon sa, soti apati dokiman O P E pibliye 23 me 2022, nan paj 7 dokiman an, nan kad ankèt li te mennen sou anplè dega katastwòf la nan 18 komin nan sid la. Sa nou pa ta jan m panse, jis kounye a, otorite yo, kontinye fè silans sou chif bilan pa yo, yo ta sipoze prezante deja bay popilasyon an.

Se konsa, lane ap pase, nou pa menm bezwen pale sou kantite jou sa gen tan genyen, pou wè se atò Fanm ak Ti Fiy ki te viktim gwo tranbleman Tè sa nan Sid peyi a, kontinye plonje nan kriz. Kit sa ki gen tan deplase yo, kit sa ki kontinye nan kan yo, y ap soufwi menm jan. Yo gen pwoblèm: manje, lojman, swen sante, lekòl, travay. Yo viktim vòl, kadejak. Konsa, viktim sa yo dezespere nan dènye nivo, pou espere y ap soti nan sa yo ye a, genyen menm ki mande lanmò. Yo akize dirijan yo de movèz fwa. Yo panse sa ta kapab chanje pou yo si Otorite yo te konsidere yo kòm moun. Yo wè Dirijan yo gen mwayen nan men yo piti koulè pou te ka amelyore sitiyasyon yo.

Andan tout koze sa yo la, lè nou gade, Otorite yo ak ONG yo pa fè anyen seye pou viktim yo, jan yo menm ap eseye eksplike sa. Sa ta vle di Dirijan yo plis ONG yo pa pran inisyativ enpòtan ki pou ede yo sòti nan kalamite yo ye a jis kounye a la. Konsa, motivasyon reskonsab yo pa ale pi lwen ke bay moun yo kèk milye goud nan dènye mwa sa yo la ki donk soti mwa dawou 2022 vin novanm 2022, epi, sa ki parèt pi enpòtan pou viktim yo se ta jwenn kay, swen sante, travay osinon lajan pou fè biznis ke yo pa jwenn jis kounye a.





Otorite Sid/Ayiti

Otorite lokal yo ansanm ak ONG yo ke O P E te rankontre mwa dawou vin desanm 2022 a sou pwoblematik Fanm ak ti fiy ki viktim tranbleman Tè 14 dawou 2021 a sou sa ki fèt pou yo aprè 1 lane 4 mwa. Nou wè nan sa Reskonsab yo, ap eseye bay kòm eksplikasyon pou defann tèt yo pa fè sans ditou. Kote, yo fè konprann, yo konsyan de eta sitiyasyon Fanm ak ti Fiy ap viv depi lè tranbleman Tè 14 dawou a. Konsa, yo ta gen bezwen plis pou yo sòti nan kriz la. Sa ki rive, yo men m k ap akonpaye vik tim sa yo a, yo pa ka fè plis ke sa yo bay yo kòm asistans deja. Epi, Dirijan meri yo ajoute, anplwaye meri yo toujou nan sitiyasyon difisil pou jwenn lajan salè yo ki anviwon 20 mwa, paske pouvwa santral la ki donk ministè enteyè ak kolektivite tèritoyal ki toujou dwe yo a. Anplis, yo fè konprann meri yo pa gen antre pou ta di y ap pran viktim yo anchay. Sèl bagay yo kapab fè ke yo fè deja se rapòte ministè ki anwo tèt yo a de jan sitiyasyon an prezante pou viktim sa yo ki nan bezwen an ak chache èd bò kote ONG yo. Yo di, sa ki pou ta ede rezoud pwoblèm nan nèt, se ta mete pwogram devlopman kominotè sou pye, men fòk yo ta gen kòmansman mwayen ke yo pa gen nan men yo pou kounye a.

B) Sitiyasyon move tretman Fanm ak ti Fiy sa yo ap sibi nan komite Sid la, souve pi soumwèn konsyans jounalis, pwofesè, jèn elèv sekondè, inivèsitè, òganizasyon Fanm, popilè, moun nan katye popilè k ap reflechi sou sitiyasyon dwa viktim tranbleman Tè 14 dawou 2021 nan Sid la ke leta Ayisyen pa respekte. Yo endiye pou wè eta moun sa yo kontinye ap viv menm aprè 1 lane 4 mwa depi katastwòf sa te rive a. kote, prèske tout viktim sa yo defigire, akoz yo pa nan swen. Y ap mande kote dirijan yo, pou kisa dirijan

yo pa ede viktim yo. Yo panse dirijan yo te kapab fè ki chòy. Yo konprann se paske kòb yo plis ap regle zafè dirijan yo olye zafè pèp la an jeneral k ap soufwi a. Yo di, yo fè kalkil sa apati tren devi yo wè Otorite ap mennen anpil fwa. Kote, yo wè dirijan yo abite nan vila oubyen nan chato, y ap woule machin 100, 150 mil dola US, y ap kouvri depans pou madanm ak pitit yo ki ap viv nan peyi etranje. Yo panse Otorite yo vyole dwa moun yo genyen, lèyo pa satisfè bezwen yo nan sans sa.

Answit, ansanm sektè sa yo, denonse Otorite yo ki maltrete Fanm ak ti Fiy ki te patisipe nan vag leve kanpe ki fèt nan sid peyi a kont mizè ak ensekirite soti mwa jiyè 2022 rive dawou 2022 a. Anpil fwa, yo blese Fanm ak ti Fiy sa yo ak bal, bat yo byen bat, imilye yo.

Yo reyalize, fòk sosyete a mande otorite yo kont ak pou leta Ayisyen trete viktim yo tankou moun, jan lalwa mande sa.

### **3) KONKLIZYON**

Lè O P E analize anpwofondè akizasyon viktim yo pote kont dirijan yo ak sa lòt sektè nan kominote a pote kòm jijman sou Dirijan yo ak fason Reskonsab yo ap eseye defann tèt yo. Nou wè, li toujou rete sispèk pou konnen si se verite, sa Dirijan ak ONG yo di a, si se vre, yo pa ta ka fè plis pou amelyore kondisyon Fanm ak ti Fiy ki kontinye ap mal viv nan kan yo ak sa yo ki deja deplase yo. Lè nou okouran, ONG yo ak Dirijan yo pa janm bay you rapò detaye sou kantite lajan osinon byen yo te gen nan men yo pou asiste viktim yo ak repare dega yo an jeneral ki fèt nan Sid la. Answit, san yo pa jan m pote you demanti ak prèw tanjib sou chemen kwochi yo fè avèk èd la anpil fwa popilasyon an akize yo a, san li pa regle zafè viktim yo.

Nan tout verite, Obsèvatwa Pou Egalite (O P E) konstate nan ankèt li te mennen nan anviwon 12 komin nan sid peyi a pandan mwa Dawou 2022 a. Sitiyasyon Fanm ak ti Fiy yo nan kan ak sa yo ki deja deplase yo, anpil nan yo ap viv nan lafen, nan ensekirite tout kalite, yo vin nan kriz pi rèd depi yo fin viktim gwo katastwòf natirèl 14 dawou 2021. Ki donk, lapli, van, lawouze, solèy kontinye ap bat yo anba tonèl, tant yo. Anba galri, nan lari, sou bèj rivyè, bò lanmè yo.

Après sa, nou remake Otorite yo ak ONG yo pa gen twòp sousi pou ede moun sa yo sòti nan kriz tout bon vre. Yo neglije sou vrè bezwen viktim yo ki se jwenn: kay, mwayen pou voye pitit yo lekòl, travay osinon lajan pou yo mennen biznis. Epi, fòm sipò y ap bay moun yo, toujou rete nan kèk fèy tòn, bwa 2 x 4, kèk milye goud jis kounye a ki toujou pa ka fè gwo bagay pou viktim yo.

Sa ki pi di pou viktim sa yo, anpil nan yo, sibi: imilyasyon, abi, blese anba bal, menm Otorite sa yo ankò, nan lè, yo te patisipe nan vag leve kanpe ki te fèt nan Sid peyi a kont lafen, soti mwa jiyè vin novanm 2022 a.



anm viktim anba bal UDMO

Andan tout sa n ap viv la, li klè Fanm ak ti Fiy yo ki nan malsite a pa p gen garanti Dirijan yo ak ONG yo pral sòti yo nan kriz yo ye a. Ak tou, nou pa konnen gen you fwa, kote malere ak malerèz, pitit sòyèt te tonbe nan kriz pou jwenn ONG ak Otorite yo te retire yo nan kriz. Kòm sitiasyon an prezante you lòt fwa ankò n ap imajine èske sa ap pase you lòt fason? Men jis kounye a pa gen okenn garanti l ap diferan de jan sa konn abitye pase.

Kòm nou konnen gen angajman leta Ayisyen pran, lè genyen jan de katastwòf natirèl sa yo, kote, dwa moun yo dwe respekte, nan kad pou akonpaye moun yo nan tout diyite ak respè jan konstitisyon 1987 Ayisyen an, nan atik 18, 19, nan chapit 2 di sa. Ak jan konvansyon entènasyonal sou eliminasyon tout fòm vyolans sou Fanm ak ti Fiy ki adopte 18 Desanm 1979 ki ankouraje sa. Sou baz sa nou mande Otorite yo pou mete an aplikasyon sa ki di nan 2 dokiman sa yo, pou rive retire moun yo nan kriz. Paske, li toujou rete enjis depi plis pase you lane tranbleman Tè 14 Dawou a fin pase, pou viktim yo, pi prezizeman Fanm ak ti Fiy ap viv nan plis mizè pase jan sa te ye avan.

Konsa tou, Otorite yo, si nou santi nou pa kapab se pou nou demisyone depi Jodi a menm. Ak pou lòt moun ki kapab vin ranplase nou pou wete moun yo nan kriz sa.

Anplis, sosyete sivil la, dwe kontinye mete presyon sou dirijan leta yo, pou retire Fanm ak ti Fiy sa yo ki nan sitiyasyon kriz yo ye a.



Komin Okay

Jean Claudy Aristil

Kwodonatè OPE